

Fich Rechèch Travay

Date: _____

Siyati: _____

Non: _____

Èske w te nan chomaj pou 30 jou oswa plis? Wi Non

- Si w vin pèdi travay ou nan 30 dènye jou yo, ou dwe te fè omwen yon (1) aktivite kote w ap chèche travay OSWA bay prèv ki montre ou aplike pou èd pou moun ki nan chomaj.
- Si w pèdi travay ou depi 30 jou oswa plis, ou dwe te fè omwen twa (3) aktivite kote w ap chèche travay pandan peryòd chomaj ou a.
- Twa (3) rechèch travay ou yo kapab yon konbinezon pozisyon ou te aplike yo EPI lòt aktivite kote w ap chèche travay yo.
- **Gade paj 2** pou definisyon aktivite kote w ap chèche travay epi enstriksyon yo.

Biznis/Travay ou Kontakte:

Lis travay ou te aplike, entèvyou ou te pase, epi biznis/travay ou te kontakte.

Dat Kontak la	Pou Pozisyon ou Aplike a	Non biznis/Travay	Biznis/Travay - Enfòmasyon pou Kontakte (adrès, telefòn, imèl, sit entènèt/URL, faks)

Fich Rechèch Travay Fè lis bagay ou te fè pou jwenn travay san w pa t pran kontak ak biznis/travay.
Gade nan do a pou aktivite yo sijere yo.

Dat aktivite a	Aktivite ou te fè (Fè lis aktivite rechèch travay ou te fè apati paj 2)

Enstriksyon pou Dosye Rechèch Travay

Ou dwe ap chèche travay aktivman pou w kapab kalifye pou sibvansyon pou gad timoun, epi bay rezon an tankou "M ap chèche travay". Lwa ak Eta federal yo prevwa amann pou w peye lajan, prizon, oswa toulède si w pa di laverite lè w mande èd pou Gad Timoun oswa lè yo poze w kesyon ACS yo sou kalifikasyon w, oswa si w fè yon lòt moun pa di laverite sou demann ou an oswa pou w yo kenbe kalifikasyon w la. Yo ka aplike sanksyon tou si w kache oswa w bliye bay enfòmasyon ki konsène kalifikasyon ou te gen anvan an oswa kalifikasyon pwolonje ou pou èd gadri timoun, oswa si ou pa bay oswa kache enfòmasyon k ap afekte dwa yon moun pou li jwenn oswa kontinye resevwa Èd Gadri.

Aktivite Rechèch Travay

Aktivite Rechèch Travay kapab gen ladan:

1. Vizite yon Sant Travay Lokal nan Eta New York
 - Rankontre ak Konseye Sant Travay
 - Jwenn enfòmasyon pèsònèl nan Sant Travay sou travay ki ka disponib nan yon endistri oswa yon rejyon patikilye (jwenn enfòmasyon sou mache travay la)
 - Travay ak Pèsònèl Sant Travay yo pou evalye konpetans ou yo epi fè yo koresponn ak pwofesyon ak travay posib yo (evaliyasyon konpetans pou pwofesyon ki koresponn yo)
 - Patisipe nan atelye fòmasyon
 - Jwenn referans biznis ak travay la bay ki koresponn nan men Sant Travay la epi fè suivi ak travay yo
2. Vizite yon antrepriz epi fè yon aplikasyon pou travay an pèsòn ak travay ki kapab pral genyen plas disponib
3. Soumèt yon aplikasyon pou travay oswa CV kòm repons ak yon avi piblik oswa yon anons rechèch oswa ak travay ki kapab pral genyen plas disponib
4. Patisipe nan seminè pou chèche travay, reyinyon rezotaj pwofesyonèl, salon pou travay oswa atelye ki gen rapò ak travay e ki bay enstriksyon pou amelyore konpetans lè w ap chèche travay
5. Entèvyou ak antrepriz ou kapab jwenn travay
6. Aplike pou yon travay bò kote youn (1) oswa plizyè ansyen patwon w
7. Anrejistre ak verifye ak ajans travay prive yo, sèvis plasman, sendika epi biwo plasman lekòl yo, kolèj, oswa inivèsite oswa òganizasyon pwofesyonèl yo
8. Itilize telefòn, anyè pwofesyonèl, entènèt, oswa sistèm rechèch travay anliy pou chèche travay, jwenn pis, mande referans, oswa pran randevou pou entèvyou travay
9. Aplike epi/oswa anrejistre pou w pase Egzamen Fonksyon Piblik pou pòs ki lib nan administrasyon piblik lan.